

IJAMBO RISHIKIRIJWE NA NYENUBWERANDA PAPA FRANSISKO KU MUSI MPUZAMAKUNGU UGIRA UWA 53 WAHARIWE AMAHORO

KU WA MBERE NZERO 2020

**AMAHORO NI YO NZIRA Y'UMWIZERO : KUJA INAMA N'INGINGO, GUSUBIZA HAMWE
N'UGUHINDUKA MU VYEREKEYE IBIJANYE N'IBIDUKIKIJE**

1. Amahoro ni yo nzira y'umwizero mu gihe c'imitego n'amagume

Amahoro ni itunga ntagereranywa, ni ryo mwizero abantu bose bahahamiye. Kwipfuzwa amahoro ni ingendo ya buri muntu ituma umuntu ayamanira igisharara mu buzima ; ni na co gituma ibihe bigoye ducamwo dushobora « kubibamwo, tukavyakira mu gihe tubona ico bishobora kudushikanako kandi tukabona ko bishobora kwizigirwa, maze iryo hangiro rikaba ari irifashe ku buryo umuntu ashobora kwemanga ingoga zishigwa muri urwo rugendo » [1]. Muri ubwo buryo, ukwizera ni yo ngeso nziza iduhagurutsa tugafata inzira, ikaduha umwete wo kubandanya dutera imbere naho imitego yoba imeze nk'uko ari ntarengwa.

Umuryango wacu w'abantu utwaye mu bwenge no mu mubiri ibimenyetso vy'ingwano n'amatazi vyagiye birakurikirana bigakomeza ububasha bwo gusambura, na vyo bikaba biguma bigeramiye cane cane aboro ba rwose na ba magara make. Kubera iyo mvo, ibihugu bitari bike birazingamitswe n'ukudashobora kwigobotora imizana y'ugusahurwa ivyabo hamwe n'igiturire, ivyo na vyo bikaba bivuyara urwanko n'ingimba. No muri ibi bihe, abagabo n'abagore batari bake, abana n'abageze mu za bukuru babona agateka kabo katubahirizwa, co kimwe n'ukutaborezwa igufa, kubaho mu mwidegemvyo, harimwo no mu vyerekeye amasabamana, ugusabikanya mu kibano hamwe n'umwizero muri kazoza. Abahohoterwa benshi bagendana umuzigo w'ugukozwa isoni n'uw'ugukumirwa, w'ukwama ugandaye, w'akarenganyo, hamwe mbere n'ibikomere vyo ku mutima bivuye ku kwama bariko barahamirwa ubwoko bavamwo hamwe n'ababo.

Amananiza ateye agahinda avyarwa n'ingwano zo mu gihugu hagati canke z'ibihugu bishamiranye, akenshi usanga akazwa n'ihohoterwa rizira ikigongwe, arasiga ibikomere vyimbitse mu mubiri no mu mitima y'abantu. Ku bwa ngingo, ingwano iyo ari yo yose ni ubwicanyi bw'abavukana busambura umugambi w'Imana w'ubuvukanyi uranga ico umuryango w'abantu wahamagariwe.

Nk'uko tubizi neza, ingwano yama ihera ku kutihanganirana kubera ubudasa, kugaca gutuma tugomba kwigarurira abandi n'ukubacinyiza. Mu mutima wa muntu, ingwano ivyarwa n'ubugunge hamwe n'ubwishime, n'urwanko ruvyara agatima ko gusambura, ko kwugaranira abandi mu kibi, ko bakumira no kubazimanganya. Ingwano yegenyezwa n'ugufutanya imigenderanire, n'agatima ko gutwara vyose, n'ukwitwaza igikenye, n'ugutinya abandi, n'ubudasa buboneka nk'umutego. Uko ingwano ivyarwa n'ivyo ni ko inatuma vyongerekana.

Nk'uko naronse akaryo ko kubishimangira mu rugendo mperutse kugira mu gihugu c'Ubuyapani, biratangaje kubona isi yacu ivuga ko igomba gushira imbere n'ukuremesha ituze n'amahoro ariko ugasanga yubakira ku mutekano w'uruhendo ushingiyeye ku kuremesha icuka

c'ubwoba n'ukwinubana gihava kigasibanganya imigenderanire hagati y'imiryango y'abantu, maze ntibibe bigishoboka kuja inama n'ingingo. Amahoro n'ituze mu makungu ntibishobora kubangikana n'ugushaka kwubakira ku bwoba bw'ukumarana canke bw'uguhonya abandi . Kugira amahoro arinde ashoboka, ni uko haba hakomejwe akarangamutima k'ugufatana mu nda kwa bose hamwe n'ugufashanya gushingiye ku kuba ba magiriranire n'abasangirabanga mu muryango umwe w'abantu b'ubu n'abazovuka ejo » [2].

Kuremesha ibintu vy'ugukangana bituma ukwizerana gutituka, maze umuntu agaca ziyugarirako nka nyabumba. Ukutizerana n'ubwoba bituma imigenderanire igoyagoya hakavyuka agatima ko gukoresha ingimba, iyo nzira y'urukwegane rw'ibara ikaba idashobora kwigera ishikana ku migenderanire ivyara amahoro. Muri gihe ibintu bimeze uko, ukugwiza ibirwanisho vya rutura bicira umuriro w'akaranda bizana amahoro y'uruhendo.

Kubera iyo mvo, ntidushobora kwirya akara ngo turiko turaremesha ituze kw'isi mu kugwiza ubwoba bwo kumarana, mu mutekano utubakiye ku mushinge urama. Tuguma turi ku manga iherekeza ibirwanisho ruhonyanganda canke twiyugaraniye mu kuba ba sindabibazwa, aho usanga abantu bafata ingingo mu bijanye n'imibano hamwe n'ubutunzi zishimangira akaranda ko gukumira abandi n'uguhonya ibidukikije aho gukomeza agatima ko gukingirana [3]. None tworemesha gute inzira y'amahoro n'ukwitanaho? Twocagagura gute iyo mizana iroze y'ukurabana ribi n'uguterana ubwoba? Tworengera gute agatima ko kwinubana gasa n'akiganje muri kino gihe ?

Dutegerezwa kwama turiko turaharanira kuremesha umuvukano w'ukuri, ushingiyeye kw'isoko rimwe twamukako ariyo Mana, maze uwo muvukano ugakomezwa n'ukuganira hamwe n'ukwizerana. Ugushaka amahoro gushingiye kure mu mutima w'umuntu kandi ntitwovuvudikira ikitadushikana kuri iryo hangiro.

2. Amahoro ni yo nzira y'ukwumviriza ushingiyeye ku kwibuka akahise, ku kuba ba magiriranire no ku muvukano.

Abo bita aba « Hibakusha » - ni ukuvuga abarokotse umuriro n'ubumara bw'amabombe ya rutura yatewe mu ntara za Hiroshima na Nagasaki mu gihugu c'Ubuyapani – bari mu bantu ubu baremesheje akariro mu mutima rusangi kerekana uko urunganwe rw'abantu rugenda rukurikirana ibara ry'ivyashitse muri Myandagaro 1945, hamwe n'ububabare bw'agahomerabunwa vyateye gushika uno musi. Intahe abo ba « Hibakusha » bashinga ku vyabaye irakabura akarangamutima ka muntu maze kagatuma abantu baguma bibuka abaguye muri iryo bara, gurtyo umutima wa buri muntu ukomerere kurwanya agatima ko gucinyiza no guhonya abandi. « Ntidushobora kwemera ko abantu b'iki gihe hamwe n'abazokwaruka muri kazoza bibagira ivyabaye, ukwo kwama bibuka ivyabaye kuremeza kandi kugakomezwa ishaka ryo kwubaka kazoza gashingiye ku butungane no ku muvukano » [4].

Nk'uko kw'abo ba « Hibakusha », abantu batari bake bo kw'isi yose barahereza urunganwe rukurikirana ibanga rihambaye ry'ukwibuka ritegerezwa gushingurwa, kugira ngo ntihagire uwosubira gucutsa agatima k'ugukora ibara risa n'iryabaye canke ngo ingendo zaranze inkorabara zo muri kahise hagire abasubira kuzishimira, ariko kandi kugira ngo ukwo kwibuka, gushingiye ku cirwa dukura ku vyabaye, kutubere ishingiro ry'ukurondera guhitamwo inzira zubaka amahoro ubu no muri kazoza.

Reka noneho, ukwibuka ni kwo kwugurura ihangiro ry'ukwizera : kenshi na kenshi, mu muzimagiza w'ingwano n'indiyane, ukwibukanya ibimenyetso vy'ugufatana mu nda vyigaragaje biratuma hasubira kuba ibikorwa birangwa n'ukurinda hamwe n'ubutwari, maze bigakabura ingoga nshasha, bikanatsa akariro k'umwizero mushasha mu mitima y'abantu no mu mibano.

Guca no kuremesha inzira y'amahoro ni igikorwa kitoroshe kandi gisaba vyinshi bivanye n'ingene inyungu abantu baba bariko baraharanira mu migenderanire yabo, mu migenderanire y'imiryango yabo n'ibihugu vyabo, izo nyungu zikaba ari nyinshi kandi zidasa. Umuntu ategerezwa kwemera kumurikirwa n'akarangamutima runtu, kagaca gakomeza ishaka rya muntu mu bijanye n'ivy'intwari. Ku kaba nkako, amahoro afise ishingiye ryayo mu ntimatima ya muntu, ugushaka kwa politike na kwo kukaba gutegerezwa kwama gukomezwa kugira ngo hashobore kuboneka indinganizo nshasha zerekeza ku gusubiza hamwe n'ukwunga abantu n'imibano.

Isi y'ubu ntikeneye amajambo y'uruhendo atagira mvura, ikeneye riho abashinga intahe babikuye ku mutima, abubaka amahoro bafise umutima wugurukiye ukuja inama n'ingingo, ata gukumirana canke ugukoresha urwenge. Kukaba nkako, ntawushobora gushikira amahoro y'ukuri atari mu gihe hari ukuja inama n'ingingo kw'abagabo n'abagore barondera ukuri hejuru y'ivyiyumviro bizanana irya n'ino. Amahoro ni inyubakwa « itigera ihera kwubaka » [5]. Ni urugendo turemesha turi kumwe twese, mu kwama duharanira itunga rusangi, kandi umwe wese akemanga kugendera ivyo yemeye n'ukwubahiriza ingingo. Mu gutegana ugutwi, kumenya abandi n'ukubaha agaciro, birashobora kugenda bitera imbere gushika no ku rugero rwo kubona mu mwansi uruhanga rw'umuvukanyi.

Birumvikana rero ko ingendo y'amahoro ari igikorwa kimara igihe. Ni igikorwa co kwitondera kirondera ukuri n'ubutungane, giha iteka ukwibuka akahise ku bagiriwe amabi. Kikaba kandi igikorwa cuguririra buhoro buhoro, umuntu kugira umwizero rusangi ukomeye gusumba agatima ko kwihora. Mu gihugu kirangwa n'ingingo, intwari rusangi ishobora kuba ikimenyetso nyaco c'iyongereye mu gihe ishingiye ku butungane no kwemanga ibanga ryo kwubahiriza amateka ya zina muntu, na cane cane aya barya ba magara make canke abakumiriwe, mu kurondera ubudahengeshanya ukuri [6]. Iyo ni ndinganizo y'iremehwa ry'umubano ubereye n'iyubakwa rya kazoza aho umuntu uwo ari we wese yumva ko afise icyo aterera abikuye ku mutima, kandi mu macye yose y'ubuzima bw'abantu, haba mu muryango, canke mu kibano, mu gihugu no mu migenderanire mpuzamakungu.

Nk'uko umweranda Papa Paulo wa gatandatu yabishimangiye, « inyota ishingiye habiri twiyumvamwo itwerekeza ku kwumva ko tungana kandi umwe wese yogira uruhara mu birangurwa aho abaye ni yo nzira yerekeza kw'iyubakwa ry'igihugu gishingiye ku ntware rusangi [...] Ni ukuvuga akamaro ko kwigisha ibijanye n'ukubana n'abandi, aho, uretse ivyo kumenyeshya amateka aranga buri muntu, habwirizwa n'ukumenyeshwa ibiyaherekeza : umuntu akamenya ivyo na we ategerezwa gukorera abandi ; Iyo umuntu ategerezwa na we kurangura bisaba na vyo nyene ko aba yumva kandi agashira mu ngiro ingendo y'ukwigumya, ukwemera gushingwa amabanga n'ukumenya n'aho umwidegemvyo wiwe n'uw'umurwi arimwo ugarukira » [7].

Bitagenge gurtyo, ukwimbana mu mizi kw'abagize igihugu n'ikibano, ukugwiza ubusumbasumbane mu bantu n'ukureka gukoresha uburyo bwariho ngo hakomezwe iterambere ry'ukuri rya buri muntu bituma vyanka ko haronderwa itunga rusangi. Ariko bikunze hakaba

igikorwa citonze gishingiye ku nguvu z'ijambo n'iz'ukuri, harashobora gukuburwa mu bantu ugusubira kugira umutima w'ukurema bishasha mu kigongwe n'ugufatana mu nda.

Mu buzima bwacu bw'abakristu, twama dushingira ku kwibuka Kristu yatanze ubuzima bwiwe ngo dushobora gusubiza hamwe (raba *Abanyaroma* 5, 6-11). Ekleziya irondera gutanga itiziganya intererano mu kurondera indinganizo y'ukubana gushingiye ku ngingo umuntu yigira aguma aharanira itunga rusangi, akagendera umwizero w'amahoro mu gukwirakwiza ivyiza bishingiye mu karangamutima rukristu, mu nyigisho yubakira ku ngeso nziza, hamwe no mu bikorwa bikomeza ikibano bigatanga n'indero ibereye.

3. *Amahoro ni yo nzira yo gusubiza hamwe mu mubano wa kivukanyi*

Bibliya, na cane cane mw'ijambo ry'abahanuzi, iributsa imitima n'imiryango y'abantu isezerano Imana yagiranye n'abantu. Na ryo rishingiye ku guheba agatima ko gucinyiza abandi abantu hamwe no kumenyera kurabana nk'abantu, nk'abana b'Imana, nk'abavukanyi. Umuntu ntiyotegerezwa kwugaranirwa mu vyo yashoboye kuvuga canke gukora, ategerezwa nyabuna kurabwa mw'ihangiro ry'umwizero afise muri we. Mu gihe duhisemwo inzira y'ukwubahana ni ho dushobora kucagagura imizana y'ihorihori tukijukira inzira y'umwizero.

Igice c'Inkuru Nziza cigana inkuru y'ikiganiro ca Petero na Yezu kiratumurikira : « Mukama, mwenewacu ancumuyeko, nzomurekurira kangaha ? Gushika ku ndwi ? Yezu nawe ati : "Sindakubwiye gushika ku ndwi, ariko ndakubwiye kugeza ku ndwi incuro mirongo indwi" » (*Matayo* 18, 21-22). Iyo nzira y'ugusubiza hamwe iduhamagarira kuronderera mu ntimatima y'umutima wacu inguvu z'ikigongwe hamwe n'ubukomezi bwo kumenya turi abavukanyi. Kwemera kugendera umutima w'ikigongwe birakuza muri twebwe ubukomezi bw'ukuba abantu b'abanyamahoro.

Ivyo vyigaragaza ku mahoro mu bijanye n'imibano ni na vyo vyibonekeza mu rwego rwa politike n'urw'ubutunzi, kuko ikibazo c'amahoro ugisanga mu mice yose y'ubuzima bw'intara n'ibihugu. Nta mahoro y'ukuri azokwigerira aboneka mu gihe tutazoba turashobora gushinga indinganizo irangwa n'ubutungane mu rwego rw'ubutunzi. Nk'uko Papa Benedigito w'i cumi na gatandatu yavyanditse, haraciye imyaka cumi, muri ya Nyigisho nkuru yerekeye « Urukundo mu kuri (*Caritas in veritate*) : « Gutsinda ukubura iterambere bisaba ko hagira ibikorwa atari mu ntumbero y'ukworosha ibijanye n'uguhanahana amatungo, ariko cane cane kwugurukira buhoro buhoro mu migenderanire y'isi uburyo bw'ugutunganya ibikorwa bijanye n'ubutunzi vyorangwa n'umutima wo gufashanya no kunywana » (n.39).

4. *Amahoro ni inzira y'uguhinduka mu bijanye n'imigenderanire n'ibidukikije*

« Mu gihe itahura ry'ingingo twebwe nyene tugenderako ryadutumye tusigura nabi ingene dufata nabi ibidukikije, ukwiha ububasha bw'ikirenga ku biremwa, canke ingwano, akarenganyo hamwe n'ugukoresha igikenye, twebwe abemera Imana turashobora kwemanga ko twaciye kw'ibanga ry'ugukingira itunga ntangere ry'ubwitonzi twategerezwa gushingura neza » [8].

Kubera ingaruka z'agatima ko kurwanya abandi, ko kutubahiriza inzu rusangi ya twese n'ak'ukudatunganya neza itunga riva mu vy'Imana yaremye – na vyo bikaba bibonwa gusa nk'ibikoresho dukeneye ku nyungu ya hafi tubona ubu, ntiduhe icubahiro imiryango y'abantu

baba aho haronderwa ubwo butunzi, ntitwiteho kubungabunga itunga rusangi canke ibiremwa – turakeneye guhinduka mu bijanye n’imigenderanire dufitaniye n’ibidukikije.

Inama nkuru y’Abepiskopi iherutse kudukoranya twiga ikibazo c’igice c’isi citwa Amazoniya idutuma gusubira gushikiriza mu buryo bushasha ijambo rihamagarira kwubaka imigenderanire y’amahoro mu mibano y’abantu n’isi, mu kuntu tubayeho ubu n’ukuntu twibuka ivyabaye mu ri kahise, mu nyigisho y’ivyo twacyemwo n’ibijanye n’umwizero wa kazoza.

Iyo nzira y’ugusubiza hamwe ni kandi ugutega amatwi n’ukuzirikana dutamarira isi twahawe n’Imana kugira ngo tuyigire inzu rusangi. Kukaba nkako, amatungo dukura mw’isi, ubwoko butandukanye bw’ibinyabuzima tuyisangamwo, n’isi yo nyene ubwayo, twabihawe kugira ngo «tubitunganye kandi tubizigame » (raba *Amamuko* 2, 15) kandi twibuka urwaruka ruzoguma rukurikirana, maze umwe wese akabigiramwo uruhara kandi rikaba ibanga. Uretse n’ivyo, hari n’igikwiye guhinduka mu vyo twemera no mu kuntu tubona ibintu cotuma twugurukira uguhura na mwene wacu, tukakira ingabirano y’ibiremwa yerekana ubwiza n’ubwenge ntangere bw’uwabitunganiye.

Kubera iyo mvo, birumvikana ko haca hakenerwa gusubira kuraba imvo nkuru zitugenza n’uburyo bushasha bwo kuba muri iyo nzu rusangi, tukamenyera kwitanaho mu budasa bwacu, tugahimbaza twubahiriza ubuzima twaronse kandi dusangiye, tukitaho vy’ukuri ubwoko bw’imibano dufise n’ukuntu yotunganywa ku buryo hoguma haboneka kandi haremeshwa ubuzima muri kazoza, hagategzwa imbere itunga rusangi mu muryango wose w’abantu.

Uguhinduka mu bijanye n’imigenderanire dufitaniye n’ibidukikije turiko turabahamagarira kudutuma tubona gushasha ibijanye n’ubuzima, tukaraba neza umutima mwiza w’ugutanga w’Umuremyi yaduhaye isi akanaduhamagarira akanyamuneza gashimishwa na bike mu gusabikanya. Ukwo guhinduka gutegerezwa gutahurwa mu mice yose y’ubuzima nk’ihinduka ry’imigenderanire dufitaniye n’abavukanyi, hamwe n’ibindi biremwa bifise ubuzima, n’ibiremwa vyose mu bwoko bwinshi bwavyo, n’Umuremyi ari we soko ry’ubuzima ubwo ari bwo bwose. Ku wa Kristu, iryo hinduka risaba « kureka hakiserura mu migenderanire n’isi ivyiza vyose bivuye mu guhura na Yezu Kristu » [9].

5. Umuntu aronka ibingana n’ivyo yizeye [10]

Inzira y’ugusubiza hamwe isaba kwitonda n’ukwizera. Ntaworonka amahoro atayizeye.

Bisaba ubwa mbere na mbere kwemera ko amahoro ashoboka, ko n’uwundi muntu akeneye amahoro nka twebwe. Kuri ivyo, urukundo Imana ifitiye umwe umwe wese muri twebwe rurashobora kutwigisha urukundo rubohora, ruzira imbibe, rutagira ikiguzi, rwamizako.

Ubwoba ni bwo kenshi buba inkwezi y’intambara. Ni ikintu rero gihambaye kurengera ubwoba bw’abantu, tukemera ko twese turi abana bama bakenye mu maso y’uwudukunda kandi aturindiriye nka wa muvyeyi w’umuhungu w’igishushungwe (raba *Luka* 15, 11-24). Umugenzo w’uguhuza abavukanyi uracuvya umutima w’agutera ubwoba. Utuma uguhura uko ari ko kwose kutwugururira ivyiza bishasha, kukaba n’ingabirano y’urukundo ntangere rw’Imana. Uwo mugenzo udutuma turengeza inzitizi z’ukubona hafi kugira ngo tugume mw’ihangiro ry’ukubana na bese nk’abavukanyi, nk’abana b’Umuvyeyi umwe wo mw’ijuru.

Ku batumwa ba Kristu, iyo nzira iraremeshwa kandi n’isakaramentu ry’ikigongwe ryatanzwe n’Umukama ngo rikize ibicumuro vy’abatijwe. Iryo sakaramentu ry’Ekleziya riranagura

abantu n'imibano y'abantu ribahamagarira kugira indabo nk'iya Yezu we yujuje « vyose nawe, ivyo kw'isi n'ivyo mw'ijuru, mu kubizanira amahoro ku bw'amaraso yasheshe ku musaraba wiwe » (*Abanyakolosi 1, 20*). Ni we adusaba guheba gukoresha ingimba, haba mu vyiyumviro, haba mu mvugo canke mu bikorwa, haba mu vyerekeye benewacu canke ivyerekeye ibiremwa.

Inema y'Imana Data itangwa n'urukundo rwitanga ataco rurinze gusaba. Iyo twakiriye ikigongwe c'Imana muri Kristu, turashobora guca dufata urugendo kugira dushikirize urwo rukundo abavukanyi bacu b'iki gihe. Uko imisi ibisikanya, Mutima Mweranda aratumvisha inyifato n'amajambo kugira ngo tube abaresha b'ubutungane n'amahoro.

Imana nyene amahoro niduhezagire kandi iturasaneko

Bikira Mariya, Umuvyeyi w'Umwami w'amahoro n'umuvyeyi w'imiryango y'abantu bose bo kw'isi, naduherekeze yongere atureshe, intambwe ku yindi, mu nzira turimwo yo gusubiza hamwe.

Ese umuntu wese aje kuri ino si yoronka ubuzima burangwa n'amahoro maze agashobora guteza imbere ingabirano y'urukundo n'ubuzima iri muri we.

Bigiriwe i Vatikanu ku wa 8 Kigarama 2019.

Fransisko

[1] Benoît XVI, Lett. enc. Spe salvi (30 novembre 2007), n. 1.

[2] Discours sur les armes nucléaires, Nagasaki, "Atomic Bomb Hypocenter", 24 novembre 2019.

[3] Cf. Homélie à Lampedusa, 8 juillet 2013.

[4] Discours sur la Paix, Hiroshima, Mémorial de la Paix, 24 novembre 2019.

[5] Conc. oecum. Vat. II, Const. past. Gaudium et spes, n. 78.

[6] Cf. Benoît XVI, Discours du pape Benoît XVI aux dirigeants des associations chrétiennes des travailleurs italiens, 27 janvier 2006.

[7] Lett. ap. Octogesima adveniens (14 mai 1971), n. 24.

[8] Lett. enc. Laudato si' (24 mai 2015), n. 200.

[9] Ibid., n. 217.

[10] Cf. Jean de la Croix, Nuit obscure, II, 21, 8.

Iyi Nyigisho yahinduwe mu kirundi n'Iburo vy'Abepiskopi gatolika bishinzwe ubutumwa bw'ugukwiza hose Inkuru nziza